



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023



# Padhang Bulan

Malam Bulan Purnama

Penulis: Tri Wahyuni

Ilustrator: Angga Yuniar S



B2





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023

# Padhang Bulan

Malam Bulan Purnama

**Penulis : Tri Wahyuni**  
**Ilustrator : Angga Yuniar Santosa**  
**Penerjemah: Tri Wahyuni**

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**  
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel [balaibahasadiy@kemdikbud.go.id](mailto:balaibahasadiy@kemdikbud.go.id) diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **PADHANG BULAN**

### **MALAM BULAN PURNAMA**

Penulis : Tri Wahyuni  
Ilustrator : Angga Yuniar Santosa  
Penerjemah: Tri Wahyuni  
Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih  
Penata letak: Angga Yuniar Santosa

**Penerbit**  
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023  
ISBN **978-623-112-448-7 (PDF)**

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 14-18.  
ii, 24 hlm: 21 x 29,7 cm.



## **Kepala Balai Menyapa**

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

**Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY**

**Dwi Pratiwi**



Krik krik krik ... krik  
Tekek tekek tekek ... tekek  
Hoot hoot hoot ... hoot

Swasanane wengi krasa ayem  
lan tentrem. Nalika ngepasi  
padhang bulan swasana agawe  
ati seneng. Wayah wengi  
pancen cocok kanggo jagongan  
lan dolanan.

Kaya ta wengi iki, wayahe  
ngepasi padhang bulan. Para  
kewan padha metu saka omahe  
lan sesrawungan.

Krik krik krik ... krik  
Tekek tekek tekek ... tekek  
Hoot hoot hoot ... hoot

Suasana malam terasa tenang  
dan damai. Ketika bertepatan  
dengan bulan purnama  
suasana membuat hati senang.  
Waktu malam memang cocok  
untuk berkumpul dan bermain  
bersama.

Seperti malam ini, bulan  
purnama bersinar terang. Para  
binatang keluar dari sangkar  
untuk bertegur sapa.



Wengi iki, kucing lan tikus  
metu ana ing ngarepan.

Banjur ana jaran lan  
kangguru padha mlaku  
bebarengan. Disusul  
munyuk, jerapah, semut,  
lan kewan liyane. Kabeh  
padha mlumpuk ana ing  
lapangan. Amarga wus  
dadi tradhisi yen padhang  
bulan mesthi jejagongan.

Malam ini, kucing dan tikus  
keluar di pekarangan. Lalu  
ada kuda dan kangguru yang  
berjalan bebarengan.

Kemudian disusul monyet,  
jerapah, semut, dan hewan-  
hewan lain yang berjalan di  
belakangnya. Semua hewan  
berkumpul di lapangan.

Sudah menjadi tradisi  
bahwa ketika bulan purnama  
mereka saling berbincang.





“Sugeng ndalu, kanca-  
kanca sik daktresnani.

Wengi iki nalika  
padhang bulan, kabeh  
kewan wus mlumpuk.

Sumangga padha  
jejagongan lan dolanan  
supaya sansaya rukun.”

Singa kandha marang  
rakyate.

"Selamat malam teman-  
teman yang saya  
sayangi. Malam ini,  
bertepatan dengan  
bulan purnama, seluruh  
hewan sudah  
berkumpul. Mari kita  
saling bertegur sapa  
dan bermain bersama  
agar semakin rukun!"  
Singa berkata kepada  
rakyatnya.





Kabeh kewan padha bungah. Ana kang lekas dolanan karo kancane. Ana kang thenguk jejer sinambi cerita lan guyonan. Ana kang nembang bebarengan. Ana uga kang nari, mlayu-mlayu, lan liya-liyane.

Semua hewan merasa senang. Ada yang mulai bermain dengan temannya. Ada yang duduk bersama teman sembari bercerita dan bercanda. Ada yang menyanyi bersama. Bahkan ada juga yang menari, lari-lari, dan lain-lain.



“Kepiye yen awake  
dhewe dolanan cublak-  
cublak suweng?”

kandhane si Munyuk.

“Apik kuwi, aku sarujuk  
karo kowe,” jarene  
Si Onyet.

“Aku melu! Aku melu!”  
ana wong lima kanca-  
kancane Munyuk padha  
kepengin melu.

"Bagaimana kalau kita  
bermain cublak-cublak  
suweng?" ajak si  
Munyuk.

"Nah, ide bagus itu. Aku  
setuju sama kamu! "  
jawab si Onyet.

"Aku ikut! Aku ikut!"  
ada lima Monyet yang  
ingin ikut bermain.





Sawise iku, Munyuk lan kanca- kancane padha hompimpa lan pingsut.

“Hompimpa alaium gambreng!”

“Pingsut! Pingsut! Pingsut!”

Hompimpa iku tegese ‘Saka Gusti bali ing Gusti’. Banjur gambreng iku tegese ‘ayo dolanan’. Hompimpa lan pingsut iku kanggo nemtokake kang kalah utawa menang.

Setelah itu, Munyuk dan teman-temannya menentukan giliran main dengan hompimpa dan suit.

“Hompimpa alaium gambreng!”

“Pingsut! Pingsut! Pingsut!”

Nah, hompimpa itu arti filosofinya ‘Dari Tuhan kembali ke Tuhan’.

Gambreng artinya ‘ayo bermain’. Hompimpa dan suit dilakukan untuk menentukan siapa yang kalah dan menang serta membuat urutan main.



"Hahaha, Onyet kowe sik dadi. Cepet ndang ndhungkluk! Kanca-kanca, ayo ndang mapan!" Munyuk kandha marang kanca-kancane. Sawise iku, Onyet ndhungkluk. Kanca-kancane padha nyepakake tangan ing ndhuwur gegere Onyet. Banjur padha nembang bebarengan.

"Hahaha, kamu yang jadi, Onyet. Cepetan nunduk! Ayo, siap-siap main sesuai posisi!" kata Munyuk ke teman-temannya. Setelah itu, Onyet menunduk. Teman-temannya mulai menaruh tangan di atas punggung Onyet. Selepas itu, mereka bernyanyi cublak-cublak suweng bersama.





## Lagu Cublak-Cublak Suweng

*“Cublak-cublak suweng*

*Suwenge ting gelenter*

*Mambu ketundhung gudel*

*Pak Empong lera-leru*

*Sapa ngguyu ndhelikake*

*Sir, sir, pong, dhele gopong*

*Sir, sir, pong, dhele gopong”*





“Cublak-cublak suweng iku nduweni teges kabagyan sejati saka kabecikan. Ngajari supaya dadi wong kang wicaksana lan ora srakah,” Onyet kandha nalika ndhungkluk.


“Gek ndang divedhek! Mengko anggone cerita!” Munyuk dhawuh marang Onyet.

“Iya iya, takbedhek krikile ana ing tangane..., Monki!” Onyet mbedhek.

“Cublak-cublak suweng itu memiliki makna kebahagiaan sejati yang datang dari kebaikan-kebaikan, lho. Ini mengajarkan kita agar menjadi orang yang bijaksana dan tidak serakah,” Onyet bercerita ketika sedang nunduk.

“Buruan ditebak dulu! Nanti saja ceritanya,” Munyuk menyuruh Onyet.

“Iya kutebak kerikilnya ada di tangan..., Monki!” Onyet menebak.




“Hahaha, salah! Krikile ana ing tanganku!” Beruk ngetokake krikile.

“Yen mangkono, Onyet dadi maneh. Gek ndang ndhungkluk maneh!” Lutung dhawuh marang Onyet. Munyuk lan kanca-kancane padha nerusake anggone dolanan. Dheweke kabeh padha seneng lan guyu bebarengan.

“Hahaha, salah! Krikilnya ada di tanganku, kok!” Beruk menunjukkan krikil di tangannya.

“Kalau begitu, Onyet harus jadi lagi. Cepetan nunduk lagi!” Lutung menyuruh Onyet.

Munyuk dan teman-temannya meneruskan bermain. Mereka merasa senang dan tertawa bersama.





Ing sisih liyane, para  
jaran padha nyanyi  
tembang jaranan.  
Dheweke padha mlayu-  
mlayu seneng. Ana kang  
dadi jaran. Ana kang  
ngiring dadi menteri.  
Banjur ana asu kang  
jenenge Guguk kang  
ujug-ujug numpak dadi  
Mas Ngabehi.

Di tempat lain, para  
kuda menyanyi lagu  
Jaranan. Mereka  
berlarian bahagia. Ada  
yang menjadi kuda. Ada  
yang menjadi menteri  
yang mengiringi kuda.  
Lalu ada anjing  
bernama Guguk yang  
tiba-tiba naik di pundak  
kuda menjadi Mas  
Ngabehi.



## Lagu Jaranan

*“Jaranan, jaranan, jarane  
jaran teji.*

*Sing numpak Mas Ngabehi*

*Sing ngiring para Menteri*

*Jrek-jrek nong, jrek-jrek gung*

*Jrek ejrek turut lurung*

*Gedebuk krincing*

*Gedebuk krincing*

*Prok, prok gedebuk jedher”*



“Hei, para jaran. Tembang jaranan iki ora mung isi cerita biasa babagan jaran.

Nanging, tembang iki duweni wejangan luhur. Babagan ngajeni para satriya lan wong kang luwih sepuh. Mula, aku thenguk kene dadi Mas Ngabehi kudu diajeni hahaha!” Guguk kandha marang para jaran kayata lagi dolanan lakon.

“Hei, para kuda! Lagu jaranan ini tidak hanya berisi cerita biasa tentang kuda. Namun, lagu ini memiliki pesan yang luhur. Pesan tentang sikap saling menghargai pemimpin dan orang yang lebih tua. Makanya aku duduk di sini biar dihargai seperti Mas Ngabehi hahaha!” Guguk berkata kepada para kuda seperti bermain drama.





Para jaran manut marang  
Guguk amarga bengi iku  
pancen kepengin dolanan.  
Para kewan padha guyub  
rukun kanggo njaga  
paseduluran. Kabeh ora  
perlu nesu utawa  
kesinggung atine. Kabeh  
kudu tetep ngajeni  
supaya dadi kewan kang  
wicaksana.

Kuda-kuda itu mengikuti  
kemauan Guguk karna  
malam itu memang hanya  
ingin bermain. Para  
hewan guyub rukun untuk  
menjaga persaudaraan.  
Mereka tidak perlu marah  
atau pun merasa  
tersinggung. Semua harus  
tetap saling menghargai  
agar menjadi hewan yang  
bijaksana.



Nalika lagi padha dolanan,  
dumadakan keprungu swara  
tikus kang jenenge Wirok.  
Wirok mlayu sinambi bengak-  
bengok. Si Oren lan Wirok lagi  
uyak-uyakan. Sakloron mlayu  
sinambi ngguyu nganti arep  
nubruk wit kambil. Oren lan  
Wirok iku lagi padha dolanan  
kucing-kucingan. Nanging iku  
mung dolanan. Sejatine,  
dheweke padha tetep rukun.  
Wirok ngancani Oren lunga ana  
ing ngendi wae.

Ketika mereka sedang bermain,  
tiba-tiba terdengar suara tikus  
yang bernama Wirok. Wirok  
berlari sambil berteriak. Si Oren  
dan Wirok sedang kejar-  
kejaran. Mereka sedang  
bermain kucing-kucingan.  
Namun, itu hanya sebatas  
permainan. Sebenarnya mereka  
tetap berteman baik. Wirok  
selalu menemani Oren pergi ke  
mana pun.





Ing sisih liyane, ana  
Jerapah kang kepengin  
melu dolanan egrang.  
Nanging, Kangguru ora  
ngolehake amarga Jerapah  
wus dhuwur. Jerapah ora  
bisa nunggang egrang kang  
digawe saka pring.  
“Ngapunten, Jerapah.  
Kowe ora usah melu  
dolan. Kowe ndeleng  
wae, ya,” kandhane  
Kangguru marang Jerapah.

Di sisi lain, ada Jerapah  
yang ingin ikut bermain  
egrang tapi tidak  
diperbolehkan. Kangguru  
melarang karena Jerapah  
sudah tinggi. Jerapah tidak  
bisa naik egrang yang  
terbuat dari bambu.  
“Eh maaf ya, Jerapah.  
Kamu tidak perlu ikut main  
dulu. Kamu nonton saja,  
ya,” kata Kangguru kepada  
Jerapah.



Jerapah mung ngetutake  
lan njagani Kangguru  
dolanan egrang. Ancase  
supaya Kangguru bisa  
aman lan ora tiba. Dolanan  
egrang iku mbutuhake  
kaimbangan kang apik. Iki  
uga ana kaitane karo  
kesehatan lan kekuwatan  
awak. Dadine, Kangguru  
bisa dolanan tanpa gawe  
Jerapah lara ati.

Jerapah hanya mengikuti  
dan menjaga Kangguru  
ketika bermain egrang.  
Tujuannya memastikan  
agar Kangguru aman dan  
tidak terjatuh. Dolanan  
egrang itu membutuhkan  
keseimbangan. Hal ini  
berkaitan dengan  
kesehatan dan kekuatan  
tubuh. Jadi, Kangguru bisa  
bermain tanpa membuat  
Jerapah sakit hati.





Ing papan liya, para semut padha dolanan bas-basan.

Dheweke kabeh dolanan ana ing lemah. Bas-basan iku diarani catur saka Jawa. Ananging, beda wujud lan carane dolanan. Semut-semut padha mikir temenan supaya bisa menang. Dolanan iku paling disenengi semut amarga bisa nglatih kaprigelan.

Di tempat lain, para semut sedang bermain bas-basan. Mereka bermain di tanah.

Bas-basan itu disebut permainan catur dari Jawa. Namun, beda wujud dan cara bermainnya. Semut-semut itu berpikir supaya bisa menang. Permainan bas-basan itu paling disukai oleh para semut karena bisa melatih kepintaran.





Nalika para kewan padha dolanan, Singa jumeneng paring pangandikan.

“Para kadang kewan kang bagya mulya. Wayah wus sansaya wengi lan bulan sansaya padhang.

Sumangga nembang ‘Padhang Bulan’ sesarengan. Tembang iki mujudake rasa sokur lan dedonga marang Gusti. Banjur sawise iku bisa mantuk ing daleme piyambak-piyambak.”

Ketika para hewan sedang bermain, Singa berdiri memberi pidatonya.

“Teman-teman yang sedang berbahagia. Waktu sudah semakin malam dan bulan semakin terang. Mari kita menyanyikan lagu ‘Padhang Bulan’ bersama-sama. Lagu ini sebagai bentuk rasa syukur kepada Tuhan. Setelah itu, kita pulang ke rumah masing-masing.”




Banjur, para kewan padha mlumpuk lan ngadeg jejeg.

Kabeh padha mirengake Singa kang paring dhawuh.

Sawise iku, kabeh padha cepak-cepak nembang kanthi temenan. Tembang 'Padhang Bulan' iki nduweni teges kang luhur. Pitutur luhur iku babagan rasa sokur dhumateng Gusti. Saliyane iku wejangan supaya rukun marang sapadha-padha lan gotong royong.

Lalu, para hewan berkumpul. Semua hewan mendengarkan perintah Singa. Setelah itu, mereka bersiap untuk menyanyi dengan hidmat. Lagu 'Padhang Bulan' ini mempunyai makna yang luhur. Pesan luhur itu berupa rasa syukur kepada Tuhan. Selain itu guyub rukun dengan sesama dan gotong royong.



## Lagu Padhang Bulan

*“Yo prakanca dolanan ing njaba  
Padhang bulan, padhange kaya rina  
Rembulane sing awe-awe,  
Ngelingake aja padha turu sore  
Yo prakanca dolanan ing njaba  
Rame-rame kene akeh kancane  
Langite pancen sumebyar rina  
Yo padha dolanan sinambi guyonan*





Ing pungkasan, para kewan padha maos sokur lan ndedonga. Sawise iku padha pamitan karo kanca-kancane. Dheweke kabeh padha mlaku bali ana ing omahe dhewe-dhewe. Bulan katon padhang. Ing wengi iku para kewan padha bungah.

Pada akhirnya, para hewan mengucapkan rasa syukur dan berdoa bersama.

Setelah itu mereka saling berpamitan dengan teman-temannya. Mereka berjalan pulang ke rumah masing-masing. Bulan terlihat sangat terang. Pada malam itu, para hewan tampak bahagia.





## Biodata

**Penulis: Tri Wahyuni.** Penulis dari Kulon Progo, Yogyakarta. Ia suka menulis dan membaca sastra Indonesia, sastra Jawa dan sastra Inggris. Nomor HP 0895355849200. Posel twahyuni1606@gmail.com. Sosial media: @yuni\_writermer (tentang penulis)

**Ilustrator : Angga Yuniar Santosa.** Full time Ilustrator yang tinggal di Sedayu Bantul, aktif berkarya seni dan berpameran seni rupa. Sering mengisi kelas-kelas mengajar maupun workshop seni di berbagai ruang pendidikan dan umum. Kontak hubungi WA 082227597591

**Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih.** Lahir di Sleman pada 25 Juli. Pernah menyunting beberapa naskah cerita pendek. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Dapat ditemui di kantor dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.









MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

**Pada malam bulan purnama, para hewan memiliki tradisi untuk berkumpul di sebuah lapangan. Mereka bertegur sapa dan bermain bersama agar selalu hidup rukun. Lagu "Cublak-Cublak Suweng" dan "Jaranan" dinyanyikan dengan gembira. Beberapa ada yang bermain egrang dan berkejar-kejaran. Malam bulan purnama selalu menyimpan cerita menyenangkan. Yuk, ikuti keseruan para hewan saat malam bulan purnama!**

ISBN 978-623-112-448-7 (PDF)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023